# Huqıq qorg`aw uyımlarının` xızmeti, mobilizatsiya ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri boyınsha topardın` funktsiyalıq wazıypaları haqqında

# REJE

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` Huqıq qorg`aw uyımlarının` xızmeti, mobilizatsiya ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri boyınsha toparının` (keyingi orınlarda topar dep ataladı) funktsiyalıq wazıypaların belgileydi.

2. Topar Ministrler Ken`esinin` funktsiyalıq quramlıq bo`limi bolıp tabıladı.

3. Topar o`z jumısında O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlis palatalarının` qararlarına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` Pa`rmanlarına, qararları menen biyliklerine, Ministrler Kabinetinin` qararları menen biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararları menen basqa da hu`jjetlerine, Ministrler Ken`esinin` qararları menen biyliklerine, sonday-aq, usı Rejege a`mel etedi.

4. Topar o`z jumısın Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` basshılıg`ında a`melge asıradı.

5. Topar o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawda Ministrler Ken`esinin` basqa da quramlıq bo`limleri, ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat uyımları, basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler menen o`z-ara birgelikte a`melge asıradı.

**2-bap. Topardın` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

6. To`mendegiler topardın` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw shen`berinde Ministrler Ken`esi baslıg`ının` jumısların sho`lkemlestiriw;

Ministrler Ken`esine kirgizilgen usınıslardın` ha`m topar tarawına kiretug`ın ma`seleler boyınsha Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetleri joybarları ko`rip shıg`ılıwın ta`miyinlew ha`m qabıl etilgen hu`jjetlerdin` orınlanıwın qadag`alaw;

Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı ta`repinen o`keriletug`ın ma`jilisler, sonın` ishinde, ha`r ha`ptelik apparat ma`jilislerinin` ha`m Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı basshılıq etetug`ın komissiyalar ma`jilislerinin` materialların tayarlaw ha`m olarda qabıl etilgen qararlardın` ra`smiylestiriiwin ta`miyinlew;

a. ***huqıq qorg`aw uyımları xızmeti tarawında:***

huqıqbuzarlıqlar ha`m jınayat islegen shaxslar menen islesiw ma`selelerinde huqıq qorg`aw ha`m ma`mlekettin` basqa da uyımları ja`ne ma`mleketlik emes sho`lkemler menen birge islesiwdi ta`miyinlew;

huqıqbuzarlıqlardın` aldın alıw boyınsha ma`mleketlik bag`darlamalardın` tayarlanıwın ha`m a`melge asırılıwın ta`miyinlew;

huqıqbuzarlıqlardın` aldın alıw boyınsha aymaqlıq bag`darlamalardın` islep shıg`ılıwın, tastıyıqlanıwın ha`m a`melge asırılıwın ta`miyinlew;

ma`mleketlik strategiyalıq ha`m mobilizatsiya rezervlerin qa`liplestiriwdi, sonın` ishinde, olardı jıynawdı, saqlawdı ha`m jan`alap barıwdı, sonday-aq, ma`mleketlik strategiya ha`m mobilizatsiya rezervlerinen belgilengen ta`rtipte operativlik penen paydalanıwg`a turaqlı tayar bolıwın ta`miwinlew jumısların muwapıqlastırıw;

O`zbekstan Respublikası Ma`mleketlik shegaraların delimitatsiyalaw, demakrattsiyalaw ha`m redemarkatsiyalaw, shegaralar janındag`ı mashqalalardı sheshiw, nolegal migratsiyag`a qarsı gu`resiw, respublika aymag`ına tovarlar menen kontrafakt o`nimlerdi nızamsız alıp kiriw ma`selelerine baylanıslı ilajlardı belgilengen ta`rtipte a`melge asırıw;

g`alabalıq ilajlardı tayarlawda ha`m sho`lkemlestiriwde qa`wipsizlik ma`selelerin muwapıqlastırıw, g`alabalıq ilajlardı o`tkeriwdin` belgilengen ta`rtibine a`mel etiw boyınsha qadag`alawdı ta`miyinlew;

***b) mobilizatsiya ha`m ayrıqsha jag`daylar tarawında:***

**qorg`anıw qu`diretin ta`miyinlew, a`skeriy xızmetke ma`jbu`r shaxslardı esapqa alıw ilajların a`melge asırıw, brong`a qoyıw ma`seleleri boyınsha ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri jumısın muwpıqlastıradı;**

ayrıqsha jag`daylardın` aldın alıw ha`m olardın` aqıbetlerin saplastırıw, ta`biyg`ıy apatlar, epidememiyalar ha`m basqa da jag`daylarda tiyisli organlardın` jumısların sho`lkemlestiredi ha`m muwapıqlastıradı;

Miistrler Ken`esinin` Baslıg`ı ta`repinen o`tkeriletug`ın mobilizatsiyalıq ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri boyınsha ma`jilislerdin` ku`n ta`rtibi joybarların qa`liplestiredi, Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına tastıyıqlatadı ha`m tiyisli hu`jjetlerdin` tayarlanıwın ta`miyinleydi;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ı ta`repinen o`tkeriletug`ın mobilizatsiyalıq ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri boyınsha ma`jilislerdi sho`lkemlestiredi, tapsırmalardı ulıwmalastıradı, olardın` orınlanıwın qadag`alaydı ha`m orınlanıw ja`ne na`tiyjeler haqqında Ministrler Ken`esi Baslıg`ın belgilengen mu`ddetlerde xabardar etedi;

Topar mobilizatsiyalıq ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`selelerine baylanıslı qararlar, biylikler ha`m basqa da hu`jjetler joybarların tayarlaydı;

mobilizatsiyalıq ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`selelerine baylanıslı ilajlardı ha`m qadag`alaw rejelerin islep shıg`adı;

Ministrler Ken`esinin` mobilizatsiya ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri boyınsha is rejesin islep shıg`adı ha`m a`melge asıradı;

mobilizatsiya ha`m ayrıqsha jag`daylar ma`seleleri toparı haqqındag`ı Rejege ha`m Ministrler Ken`esinin` qararlarına muwapıq basqa da wa`killiklerdi a`melge asıradı.

7. Topar o`zine ju`klengen wazıypalardı orınlaw ushın to`mendegi funktsiyalardı a`melge asıradı:

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyaları ha`m nızamları, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlis palatalarının` qararları, Prezident hu`jjetleri menen tapsırmaları, Ministrler Kabinetinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin`, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararları ha`m tapsırmaları menen Toparg`a ju`klengen wazıypalardı orınlaw boyınsha anıq ilajlardı islep shıg`adı ha`m a`melge asıradı;

toparg`a baylanıslı tapsırmalar boyınsha tiyisli sho`lkemlestiriwshilik, mag`lıwmatnama, statistikalıq materiallar menen usınıslardı ulıwmalastıradı ha`m tayarlaydı;

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esine ko`rip shıg`ıw ushın kirgiziletug`ın, sonday-aq, Ministrler Ken`esi Baslıg`ı ta`repinen qabıl etiletug`ın tiyisli normativlik-huqıqıy ha`m basqa da hu`jjetler joybarların tayarlaydı;

toparg`a tiyisli tapsırmalardın` orınlanıwı boyınsha sistemalı qadag`alawdı sho`lkemlestiredi, olardın` orınlanıwın ta`miyinlew boyınsha tiyisli sho`lkemlestiriw ilajları menen qadag`alaw rejelerin islep shıg`adı;

mashqalalı ma`selelerdi sheshiw ha`m Qaraqalpaqstan Respublikası, sonday-aq, toparg`a tiyisli tarawlardı rawajlandırıwdın` perspektivalı wazıypaların a`melge asırıw boyınsha usınıslar menen anıq ilajlardı islep shıg`adı ha`m Ministrler Ken`esi Baslıg`ına usınıs etedi;

ma`mleketlik bag`darlamalardın` a`melge asırılıwı, toparg`a tiyisli tapsırmalardın` orınlanıwı boyınsha tiyisli strukturalang`an mag`lıwmatlar bazasın qa`liplestiredi ha`m alıp baradı;

Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qatnasıwında o`tkeriletug`ın ma`jilislerdin` o`tkeriliwin ta`miyinleydi ha`m juwapkerlerdi tartqan halda jumıslardı muwapıqlastıradı;

fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` mu`ra`jatların «Fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` mu`ra`jatları haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamlarına muwapıq ko`rip shıg`adı;

Ministrler Ken`esinin` jumısı haqqında ja`miyetshilikti belgilengen ta`rtipte xabardar etiwdi sho`lkemlestiredi;

ma`mleketlik sır bolg`an mag`lıwmatlar yaki nızam menen qorg`alatug`ın basqa da ma`limlemelerdin` qorg`alıwın ta`miyinleydi;

toparda atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajların a`melge asıradı.

Topar nızam hu`jjetlerine muwapıq basqa da funktsiyalardı orınlaydı.

**3-bap Topardın` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

**8. Topar o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:**

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m islep shıg`ıw ushın toparg`a nızam hu`jjetlerinde belgilengen za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinen, rayonlar ha`m qalalar ha`kimliklerinen, basqa da sho`lkemlerden, Ministrler Ken`esinin` tiyisli quramlıq bo`limlerinen belgilengen ta`rtipte sorap alıw;

za`ru`rlik bolg`anda, toparda ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw, ma`limleme ha`m talqılang`an materialllardı, sonday-aq, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` hu`jjetleri joybarların tayarlaw ushın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, rayonlar ha`m qalalar ha`kimliklerinin` basshıları menen xızmetkerlerin, Ministrler Ken`esinin` tiyisli komplekslerin, basqarmalar menen toparlardın` xızmetkerlerin mira`t etiw, tartıw ha`m usı maqsetler ushın waqtınsha ekspert toparların sho`lkemlestiriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, rayonlar menen qalalar ha`kimlikleri, basqa da sho`lkemler, Ministrler

Ken`esinin` tiyisli quramlıq bo`limlerine operativlik penen sheshiwdi talap etetug`ın ja`ne toparg`a ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawg`a baylanıslı bolg`an ma`seleler boyınsha belgilengen ta`rtipte tapsırmalar beriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinde, rayonlar ha`m qalalar ha`kimliklerinde, basqa da sho`lkemlerde, Qaraqalpaqstan Rspublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esi ta`repinen qabıl etilgen normativlik-huqıqıy ha`m basqa da hu`jjetlerdin` orınlanıwı boyınsha jumıslardı belgilengen ta`rtipte u`yreniw.

9. Topardın` juwapkershiligi:

o`zine ju`klenen wazıypalar menen funktsiyalardın` sapalı ha`m o`z waqtında orınlanıwı;

O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları qararları, O`zbekstan Respublikası Prezidenti, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esinin` hu`jjetleri menen tapsırmalarına muwapıq toparg`a tiyisli usınıslar hu`jjetler joybarlarının` talap da`rejesinde ha`m o`z waqtında tayarlanıwına;

ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen Ministrler Ken`esine, yag`nıy, toparg`a ju`klengen wazıypalar boyınsha kirgiziletug`ın usınıslar menen hu`jjetlerdin` sapalı ha`m o`z waqtında ko`rip shıg`ılıwının` sho`lkemlestiriliwi, olardın` ekonomikalıq, qarjı ha`m huqıqıy ekspertizadan o`tkeriliwine, sonday-aq, tiykarlang`an sheshimlerdin` tayarlanıwına;

O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına, O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatına, Ministrler Kabinetine, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esine ko`rip shıg`ıw ushın kirgiziletug`ın hu`jjetler menen usınıslardın` joybarların islep shıg`ılıwın ha`m a`melge asırılıwın qadag`alaw;

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew haqqında»g`ı 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` ta`miyinleniwine;

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamları, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` Pa`rmanları, qararları, biylikleri ha`m tapsırmaları, Ministrler Kabinetinin` qararları, biylikleriha`m tapsırmaları, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esinin` qararları menen tapsırmalarının` toparg`a tikkeley tiyisli ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen orınlanıw jag`dayının` o`z waqtında u`yreniliwi ushın juwap beredi.

**4-bap. Topardın` strukturası**

**10. Topardın` strukturasına topar basshısı, bas qa`nige ha`m jetekshi qa`nige kiredi.**

Topardın` strukturası Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi ta`repinen tastıyıqlanadı.

11. Topardın` jumısı usı Rejege muwapıq sho`lkemlestiriledi.

12. Topar o`z jumısında Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ına boysınadı.

13. Topar basshısı Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen lawazımg`a tayınlanadı ha`m lawazımnan azat etiledi.

14. Topar xızmetkerleri Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen lawazımg`a tayınlanadı ha`m lawazımnan azat etiledi.

15. Topar rejesi Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` qararı menen tastıyıqlanadı.

16. topar xızmetkerlerinin` funktsiyalıq wazıypaları Ministrler Ken`esinin` Baslıg`ı ta`repinen tastıyıqlanadı.

**5-bap. Topardın` jumısın sho`lkemlestiriw**

**17. Topar isleri O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyalarına ha`m basqa da nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına, Prezident hu`jjetleri menen tapsırmalarına, Ministrler Kabinetinin` qararlarına, biylikleri menen tapsırmalarına, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi menen Ministrler Ken`esinin` qararları menen tapsırmalarına muwapıq, sonday-aq, Ministrler Ken`esinin` is rejeleri tiykarında sho`lkemlestiriledi.**

18. Topar o`z jumısın yarım jıllıq ha`m jıllıq is rejeleri tiykarında alıp baradı.

19. Toparda ha`r ha`ptede ma`jilisler o`tkerilip, berilgen tapsırmalardın`, rejelerdin` orınlanıwı qadag`alanıp, jan`a ha`ptege mo`lsherlengen jumıslar ha`m tapsırmalar belgilep alınadı.

20. Toparda jumıs alıp barılıwı, hu`jjetlerdin` o`tiwi topar qa`nigeleri ta`repinen alıp barıladı ha`m bul tuwralı turaqlı tu`rde Miistrler Ken`esinin` Baslıg`ına mag`lıwmat berip barıladı.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品